

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Tina hasil analisis patali jeung kontéks, warna, wanda, jeung fungsi laku basa, sarta ma'na métaforis téks laku basa dina rohang facebook sakumaha dipedar dina bab IV, bisa dicindekkeun sawatara hal sakumaha ieu di handap.

1. Kontéks laku basa dina rohang status *facebook* ngawengku:

(a) Kontéks undak usuk basa nu digunakeun dina téks laku basa dina rohang status *facebook* ngawengku dua ragam basa loma jeung hormat. Ragam basa loma digunakeun dina 13 téks (86,7%), sedengkeun ragam basa hormat digunakeun dina 2 téks (13,3%). Ragam basa loma leuwih réa digunakeun ku panyatur pikeun nuliskeun téks statusna ti batan basa hormat. Éta hal bisa némbongkeun yén dina pajaman kiwari panyatur *facebook* kaasup kana masarakat modéren anu muka dirina sacara sosial jeung kultural. Demi masarakat modéren mah mangrupa masarakat basa nu kaétang *terbuka*, dina ngagunakeun basa téh leuwih nyoko kana rupaning variasi dina basa anu sarua atawa satata. Ragam basa loma téh némbongkeun basa nu sarua atawa satata.

(b) Kontéks nu maké basa dina rohang status *facebook* téh ngalibetkeun saha nu nyarita (panyatur) atawa nu nulis (panulis) jeung saha nu diajak nyarita (pamiarsa) atawa nu maca (pamaca). Panyatur jeung pamiarsa téh di antarana bisa béda-béda kaayan warugana. Tina kaayaan warugana, nu

maké basa téh bisa lalaki, awéwé, malah bisa ogé banci. Ditilik tina ngaran-ngaran dina profilna, 15 téks laku basa dina rohang status *facebook* dina ieu panalungtikan dipedalkeun ku panyatur lalaki. *Facebook* mekar salasahijina jadi sarana pikeun nepikeun kritik perkara rupa-rupa pasualan. Gerakan-gerakan nu diwangun dina *facebook* dijadikeun sarana oposisi kana kawijakan-kawijakan pamaréntah atawa hal-hal nu dianggap leupas tina prinsip kaadilan sosial. Dina nepikeun kritik téh remen digunakeun ungkara basa nu némbongkeun ciri kasopanan négatif. Sedengkeun umumna basa nu digunakeun ku wanoja mindeng némbongkeun ciri kasopanan nu leuwih positif ti batan basa nu digunakeun ku lalaki. Salian ti éta, dibandingkeun jeung lalaki, dina prakna komunikasi téh panyatur wanoja mah umumna leuwih nekenkeun kana tinimbangan parasaan pamiarsa nu jadi lawan nyaritana.

- (c) Kontéks nu patali jeung aspék nu dicaritakeun nu kapaluruh dina laku basa dina rohang status *facebook* némbongkeun atawa masualkeun kontéks tradisi lokal, sedengkeun sésana, 12 téks (80,0%) masualkeun jejer nu mangrupa kahirupan modéren. Ieu hal némbongkeun yén ikon-ikon budaya jeung pasualan dina kahirupan modéren mangrupa jejer nu leuwih réa disanghareupan ku panyatur dina kahirupan sapopoéna. Salian ti éta, kontéks nu dicaritakeun téh patali ogé jeung latar situasi nu jadi “panggung” eusining pasualan nu dicaritakeun, katégorina bisa mangrupa:
- 1) alam nyata, nu mangrupa situasi riil aya dikieuna; jeung
  - 2) alam hayalan, nu mangrupa situasi nu teu nyampak dina réalitas, bisa mangrupa

dongéng, mitos, atawa angen-angen. Kontéks nu dicaritakeun patali jeung latar situasina nu kapaluruh dina laku basa dina rohang status *facebook* jolna tina situasi alam nyata (14 téks; 75,9%), ari nu jolna tina situasi alam hayalan mah ukur 1 téks (6,7%). Alam nyata nu dicaritakeun téh katitén tina eusi jejer pasualan nu nyaritakeun kahirupan sapopoé di lingkungan diri jeung sabudeureunana, boh dina kontéks lokal, nusantara, boh global, kayaning pasalia paham (pacéngkadan papada manusa atawa sistem), kaasih, seni tradisi, hukum (perkara korupsi hakim), olah raga (perkara wasit sepakbola), hujan, usum halodo, pangalaman, ruang jeung waktu, kapamingpinan, jeung harta. Sedengkeun alam hayalan nu dijadikeun kontéks eusi jejer pasualan, gelar tina angen-angen perkara asih.

- (d) Kontéks nu patali jeung aspék kasang tukang tempat nu kapaluruh dina laku basa dina rohang status *facebook* némbongkeun kasang tukang sosial kamasarakatan jeung unsur-unsur budaya lokal (Sunda; Jawa Barat), saperti Garut sintrén, toléat, jaipong, pantun, sérén taun, Cirebon, Purwakarta, Sunda, jeung Bandung. Kasang tukang nusantara aya dina 3 téks (20,0%), ku digunakeunana istilah LSI (Liga Super Indonésia; kompetisi sepakbola di Indonésia), hakim, Indonésia. 8 téks (53,3%) nu teu sacara husus némbongkeun kasang tukang lokal atawa nusantara, dianggap némbongkeun kasang tukang global, naon-naon hal anu ditémbongkeun téh lumaku umum atawa geus lumrah aya dina kasang tukang kahirupan masarakat dunya. Kasang tukang nu némbongkeun unsur-unsur budaya luar nagri sacara husus mah teu kapaluruh, bisa jadi

geus kawengku dina kasang tukang global. Tina ieu hal, bisa disebutkeun yén rupa-rupa pasualan dina rohang status *facebook* nu diréspon atawa ditepikeun ku panyaturna téh karéréanana mangrupa pasualan-pasualan nu gelar dina kasang tukang budaya jeung kahirupan masarakat dunya.

- (e) Rasa nu aya dina téks laku basa dina rohang status *facebook*nyaéta rasa keuheul, yain, sedih, jeung ningnang. Rasa keuheul, yakin, jeung sedih, séwang-séwang aya dina opat téks (26,7%), sedengkeun rasa ningnang aya dina tilu téks (20%). Rasa keuheul mangrupa sikep panyatur nu pusing, jéngkél, kesel, jsté. kana rupa-rupa pasualan, boh jeroeun dirina boh luareun dirina. Rasa yakin mangrupa sikep nyaho bener. Rasa sedih bisa ogé disebut salaku nalangsa atawa ngenes. Sedengkeun Rasa ningnang mangrupa répréséntasi tina kaayaan nu teu surup, teu pantes, atawa janggal. Nada téks laku basa dina rohang status *facebook* nyaéta sinis, reueus, jeung nyungkun. Nada reueus jeung nyungkun séwang-séwang aya opat téks (26,7%), sésana 7 téks (46,6%) nadana sinis. Dina téks laku basa dina rohang status *facebook*, nada sinis aya patalina jeung rasa keuheul katut ningnang. Nada reueus aya patalina jeung rasa yakin. Sedengkeun nada nyungkun aya patalina jeung rasa sedih.

2. Tina lima warna laku basa téh ukur opat nu kapaluruh digunakeun dina téks vérbal laku basa dina rohang status *facebook*. Aya 3 téks (20,0%) nu mangrupa laku basa répréséntatif, 1 téks (6,7%) mangrupa laku basa diréktif, 7 téks (46,6%) mangrupa laku basa éksprésif, jeung 4 téks (26,7%) mangrupa laku basa komisif, sedengkeun laku basa déklaratif mah teu kapaluruh. Laku basa

éksprésif mangrupa laku basa nu pangréana kapaluruh digunakeun dina téks rohang status *facebook*. Éta hal bisa jadi alatan béh dieuna, rohang status *facebook* réa dimangpaatkeun pikeun tujuan-tujuan nu leuwih lega tina saukur nuliskeun kagiatan sapopoé. Kiwari réa anggota *facebook* ngamangpaatkeun rohang status pikeun nyusun gerakan-gerakan atawa oganisasi alumni, kalangenan, jeung organisasi sosial. Salian ti ngudag tujuan kalangenan, gerakan-gerakan nu diwangun dijadikeun sarana oposisi kana kawijakan-kawijakan pamaréntah atawa hal-hal nu dianggap leupas tina prinsip kaadilan sosial. Kagiatan oposisi téh diwujudkeunana réa dina kritik. Kritik nu ditepikeun dina rohang status *facebook* kaitung bébas, teu kasengker ku palanggaran éditorial sakumaha dina wangun média massa lianna kayaning koran, majalah, televisi, atawa radio.

3. Tina opat wanda laku basa nu mangrupa interséksi téh ukur dua wanda laku basa nu kapaluruh dina rohang status *facebook*, nyaéta laku basa langsung teu literal jeung laku basa teu langsung teu literal. Aya 6 téks (40%) mangrupa laku basa langsung teu literal, sedengkeun nu mangrupa laku basa teu langsung teu literal aya 9 téks (60%). Jejer pasualan nu dicaritakeun dina status *facebook* aya nu ditétélakeun sacara langsung (kauni) jeung aya ogé nu teu langsung (nyamuni). Jejer pasualan nu langsung jeung teu langsung téh ditepikeun ngaliwatan ungkara basa nu teu literal. Kekecapan nu digunakeun miboga ma'na nu konotatif.
4. Patali jeung fungsina, laku basa dina rohang status *facebook* mibanda fungsi madeg mandiri nu ngawengku fungsi informatif, manipulatif, jeung kayakinan,

tur mibanda fungsi gabungan nu ngawengku fungsi informatif-manipulatif, informatif-éstétik, jeung informatif-kayakinan. Aya 1 téks (6,7%) mangrupa laku basa nu mibanda fungsi informatif, 6 téks (40,0%) mibanda fungsi manipulatif, 2 téks (13,3%) mibanda fungsi kayakinan, 3 téks (20,0%) mibanda fungsi gabungan informatif-manipulatif, 2 téks (13,3%) mibanda fungsi gabungan informatif-éstétik, sarta 1 téks (6,7%) mibanda fungsi gabungan informatif-kayakinan. Laku basa nu mibanda fungsi éstétik sacara mandiri mah teu kapaluruh. Fungsi laku basa dina rohang status *facebook* réréana mangrupa fungsi manipulatif. Fungsi manipulatif téh pikeun ngagerakkeun atawa mangaruhan jalma nu bisa narima idé-idé nu ditepikeun, boh luyu jeung sikep sarta ajén dirina boh henteu; kritik; ngarobah sawangan, pamikiran, atawa opini; ngarobah sikep, laku lampah, jeung paripolah; ngarobah masarakat. Éta hal luyu jeung warna laku basana nu réréana mangrupa kritik. Kritik ditepikeun biasana sangkan pihak nu dikritik ngarobah sikepna, sawanganana, atawa pamikiranana. Bisa jadi kritik nu ditepikeun téh sipatna subjéktif.

5. Sangkan komunikasi ngaliwatan rohang status facebook bisa lumangsung kalawan hadé jeung teu matak ngabalukarkeun gelarna pasualan-pasualan anu sipatna négatif, perlu pisan simbol-simbol dina téks anu digunakeunana dina rohang status facebook téh dima'naan. Ungkara-ungkara métaforis dina téks laku basa dina rohang status facebook téh mibanda ma'na nu bisa disungsi ngaliwatan nitéan *pabanding*, *pangbanding*, *motif*, jeung *panyambung babandingan*. Tina sakumna téks nu dianalisis, 11 téks (73,4%) aspék pabandingna kauni, 4 téks (26,6%) nyamuni. Tina aspék pangbandingna, 8 téks

(53,3%) ngagunakeun pangbanding barang, 5 téks (33,4%) ngagunakeun pangbanding pagawéan, jeung 2 téks (13,3%) ngagunakeun pangbanding sifat. Aspék motif dina 15 téks (100%) disamunikeun. Aspékpanyambungbabandinganaya nu mangrupakecapjeungayaogé nu mangrupatandakoma. Saliantiéta, ayaogétéks nu teungagunakeunpanyambungbabandingan.Panyambungbabandingan nu mangrupakecapdigunakeundina 4 téks (26,6%), ngawengkukecapsaruajeung, *jiga, lir, jeungibarat.* Panyambungbabandingan nu ngagunakeuntandabacakoma (,) digunakeundina 5 téks (33,4%). Sésana, 6 téks (40%) teu ngagunakeun panyambung babandingan.Patali jeung fungsina salaku kritik, aspék pabanding jeung motif nu nyamuni téh bisa ditélélakeun dina dua hal. Kahiji, sanajan téks status dina *facebook* teu kasenger ku palanggeran nu tangtu, panyaturna napak kénéh dina kasadaran kana ajén-inajén nu nyampak dina norma sosial jeung hukum. Tujuanana bisa jadi pikeun ngajaga parasaan pamiarsa nu disasarna, nyingkahan pacogrégan, jeung nyingkahan pitenah. Kadua, ma'na ungkara-ungkara métaforis téks laku basa dina rohang status *facebook*, patali tur dipangaruhan ku kontéks, warna, wanda, jeung fungsi laku basana sorangan. Patali jeung éta hal, pesen nu hayang ditepikeun téh aya kalana nyamuni, sok sanajan bisa jadi panyaturna sorangan teu sadar geus ngalakukeun polah sarupa kitu.

## 5.2 Saran

Sacara métodologi, ieu panalungtikan didadasarkeun kana sumber data nu kawatesanan. Téks vérbal basa Sunda dina rohang status facebook saéstuna kawilang réa pisan, ngan baé dina ieu panalungtikan mah data nu dikumpulkeun tur dianalisis téh ukur téks nu ditulis dina dangka waktu sabulan. Sangkan hasil panalungtikan lianna nu sarupa jeung ieu panalungtikan leuwih jembar, kawilang hadé saupama data nu digunakeun téh leuwih réa jumlahna, boh tina jihat réspodénna, boh tina jihat jumlah téksna sorangan. Salian ti éta, ramatloka média sosial téh lain facebook hungkul, hadé pisan saupama ambahan panalungtikan lianna nu sarupa dilegaan ku ngalibetkeun ramatloka média sosial lianna kayaning *twitter*, *MySpace*, *Bebo*, *Flicker*, *Netlog*, *Hi5*, jsté. Hadé ogé saupama dibandingkeun jeung ramatloka umum, utamana *blog-blog* pribadi.

Pon kitu deui ditilik tina ambahan ulikanana, ieu panalungtikan saukur nalungtik téks laku basa nu pangpangna ngagunakeun téhnik métaforis dina asosiasi ma'nana. Pikeun panalungtikan lianna nu sarupa jeung ieu panalungtikan, hadéna ambahan ulikanana dilegaan kalawan ditambahan ku téhnik asosiasi ma'na lianna kayaning téhnik élipsis, ma'na ganda (ambigu), jsté.

Sacara praktis, laku basa mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Hadé saupama panalungtikan lianna perkara laku basa téh salian ti ngamangpaatkeun téks vérbal, ngamangpaatkeun ogé ungkara-ungkara lisan langsung, sarta nalungtik kumaha babandinganana antara téks vérbal jeung ungkara langsung tina sawatara jihat. Hadé ogé saupama



dipatalikeun jeung pamangpaatanana pikeun bahan pangajaran basa Sunda di sakola.

Nalungtik perkara laku basa tétéla teu cukup ukur dibekelan ku pangaweruh paélmaan linguistik. Basa nu digunakeun ku manusa pikeun komunikasi raket patalina jeung widang-widang paélmaan lianna saluareun paélmaan linguistik. Ku éta hal, penting pisan panalungtik nu aya minat ngulik perkara laku basa mekelan dirina ku pangaweruh-pangaweruh dina widang paélmaan sosiologi, antropologi, psikologi, pédagogik, komunikasi, jeung sains.

